

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan egzaklowo-bitadyèn. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Enfòmasyon sa yo enpòtan paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

REZIME: Moun ekspoze sitou nan egzaklowo-bitadyèn lè yo respire li nan lè ki nan espas travay yo. Moun k ap viv toupre kote ki gen dechè danjere ka ekspoze ladan lè yo respire lè oswa lè yo bwè dlo ki kontamine. Etid yo fè sou bèt yo sijere egzaklowo-bitadyèn kapab domaje ren ak fwa bèt yo, epitou li ka lakòz bèt yo gen timè nan ren. Yo te jwenn sibstans chimik sa a nan omwen 47 sou 1,416 chantye nan Lis ki Gen Priorite Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.

Kisa egzaklowo-bitadyèn ye?

Egzaklowo-bitadyèn se yon likid san koulè ki gen yon odè tankou terebantin. Li rele pèklowo-bitadyèn tou. Yo pa jwenn egzaklowo-bitadyèn nòmalmman nan anviwònman an. Li fòme lè lòt sibstans chimik yo fèt.

Pifò egzaklowo-bitadyèn yo itilize sou mache a nan Etazini soti nan peyi Almay. Yo itilize li sitou pou fè konpoze kawotchou. Yo itilize li kòm yon sòlvan, epi pou fè librifyan, nan jiwoskòp, kòm yon likid transfè chalè, epitou kòm yon fliyid idwolik.

Kisa k ap pase egzaklowo-bitadyèn lè li antre nan anviwònman an?

- Egzaklowo-bitadyèn degaje nan anviwònman an sitou akòz eliminasyon li apre itilizasyon endistriyèl yo.
- Nan lè, mwatye li ka dekonpoze pou tounen lòt sibstans chimik nan 60 jou.
- Nan dlo, mwatye li ka dekonpoze pou tounen lòt sibstans chimik nan 30 jou.
- Egzaklowo-bitadyèn sanble dekonpoze vit nan tè.
- Egzaklowo-bitadyèn kapab anpile nan pwason ak kristase.

Kijan mwen ta ka ekspoze nan egzaklowo-bitadyèn?

- Si w ap travay nan endistri ki fè oswa itilize egzaklowo-bitadyèn oswa ki itilize li.

- Si ou respire lè ki nan kote yo te elimine dechè danjere.
- Si ou bwè dlo ki kontamine avèk egzaklowo-bitadyèn.
- Si ou manje pwason oswa lòt manje ki kontamine avèk li.

Kijan egzaklowo-bitadyèn kapab afekte sante mwen?

Pa gen etid yo te fè analize efè egzaklowo-bitadyèn sou moun. Tout enfòmasyon nou yo soti nan etid yo fè sou bèt.

Etid yo fè sou sourit montre yo te irite nan nen lè yo rale gwo kantite nan yon peryòd tan kout. Sèl lòt efè yo note sou bèt yo lè yo te respire egzaklowo-bitadyèn se te yon rediksyon nan gwoès kò fetis yo lè manman yo te respire nivo wo sibstans chimik lan.

Pa gen etid ki te analize bèt yo lè yo te respire nivo ba egzaklowo-bitadyèn sou yon peryòd tan ki long.

Rat ak sourit ki te bwè nivo ba egzaklowo-bitadyèn sou peryòd tan ki kout ak long te gen domaj nan ren ak fwa yo. Yo pa t obsève efè sou repwodiksyon oswa sou devlopman fetis yo lè rat yo ak sourit yo te bwè egzaklowo-bitadyèn.

Etid yo fè sou lapen te jwenn domaj nan ren ak fwa yo lè yo te pran kontak avèk sibstans chimik lan sou po kò yo pandan yon peryòd tan kout.

Egzaklowo-bitadyèn

CAS # 87-68-3

Kijan egzaklowo-bitadyèn kapab lakòz kansè?

EPA detèmine egzaklowo-bitadyèn se yon sibstans ki ka kanserijèn pou moun.

Yon etid yo te fè sou bèt yo te jwenn timè nan ren sou rat ki te ekspoze nan nivo ba egzaklowo-bitadyèn. Nou pa konnen si li ka lakòz kansè sou moun.

Èske gen yon tès medikal pou montre si mwen te ekspoze nan egzaklowo-bitadyèn?

Gen tès disponib epi yo mezire nivo egzaklowo-bitadyèn ak pwodui dekonpoze li yo nan pipi oswa nan grès. Men, tès sa yo dwe fèt nan kèk jou apre ou ekspoze nan egzaklowo-bitadyèn paske l ap soti nan kò ou ase vit.

Anjeneral, yo pa fè tès sa yo nan pifò klinik doktè paske gen ekipman espesyal ki nesèsè pou fè yo. Answit, tès sa yo pa kapab detèmine si ap gen efè segondè sou sante yon moun lè moun nan te ekspoze nan egzaklowo-bitadyèn.

Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

EPA rekòmande gid pou ekspoze nan egzaklowo-bitadyèn nan dlo pou bwè. EPA rekòmande pou nivo timoun yo ekspoze nan egzaklowo-bitadyèn pa ta dwe depase 0.3 miligram pou chak lit (mg/L) pou peryòd 10 jou oswa plis pase 0.1 mg/L pou peryòd tan ki pi long (7 ane). Adilt yo pa ta dwe ekspoze nan plis pase 0.4 mg/L pou peryòd tan ki pi long (7 ane).

EPA egzije pou yo rapòte dechajman yo oswa devèsman pa aksidan nan anviwònman an lè kantite a se 1 liv egzaklowo-bitadyèn oswa plis.

Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay [National Institute for Occupational Safety and Health (NIOSH)] rekòmande yon limit 0.02 pati egzaklowo-bitadyèn pou chak milyon pati nan lè a (0.02 ppm) pou moun ekspoze nan travay pou yon jounen travay 8 èdtan sou yon semèn travay 40 èdtan.

Konferans Ijyenis Endistriyèl Gouvènman Ameriken [American Conference of Governmental Industrial Hygienists (ACGIH)] detèmine menm gid avèk NIOSH pou espas travay.

Ajans sa yo rekòmande pou moun yo evite zye yo ak po kò yo pran kontak avèk sibstans lan paske sa ka yon wout pou yo ekspoze ladan anpil.

Glosè

Carcinogen/Sibstans kanserijèn: Yon sibstans ki kapab lakòz kansè.

Long time/Tan ki long: Ki dire yon ane oswa plis.

ppm / ppm: Pati pou chak milyon.

Short time/Tan kout: Ki dire 14 jou oswa mwens.

Solvent / Sòlvan: Yon sibstans ki fonn nan yon lòt sibstans.

Tumor/Timè: Yon mas tisi ki pa nòmal.

Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 1992. Toxicological profile for hexachlorobutadiene. Atlanta, GA: U.S. Department of Health and Human Services, Public Health Service.

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anviwònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anviwònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.